



COVID-19 Konfòmite Etablisman/Teren: Pratik Biznis

AGRIKILTI KI SAN DANJE, KOUVRI FIGI & LIS

VERIFIKASYON SOU KONFÒMITE NAN DISTANS SOSYAL

Lis verifikasyon sa a ap ede biznis agrikòl yo sa ki gen ladan agrikiltè yo pou aplike pi bon Pratik pou prevni COVID-19 nan plas travay la. Li ka itilize pou yon zouti oto-evalyasyon pa biznis agrikilti yo oswa kòm yon zouti pou Depatman Agrikilti Maryland, Deptman Sante Maryland ak/oswa Depatman Sante Lokal pou evalye Pratik biznis ki san danje pou etablisman yo nan COVID-19. Tout rekòmandasyon pou siy ak kominikasyon yo ta dwe disponib nan lang anplwaye a pale ak ekri. Yo ankouraje anpil langaj senp ak enfografik.

Non Biznis: _____ Dat: _____

Adrès Biznis: _____ Lè: _____

Siy (De preferans nan antre sit travay yo, zòn travay prensipal, sal repo, twalèt yo)

Siy (nan lang apwopriye pou popilasyon an) afiche:

Enfòm anplwaye yo pou pa antre nan zòn fèm oswa sit travay la si yo gen sentòm COVID-19, tankou fyèv, tous, ak/oswa souf kout/difikilte pou respire, fatig, kò fè mal oswa misk, maltèt, nouvo pèt gou oswa sant, malgòj, kè plen oswa vomisman dyare.

Enfòm anplwaye yo ke yo dwe kouvri figi yo nan tout zòn yo kote yap gen kontak pwobab avèk lòt anplwaye, jan sa posib.

Enfòm tout anplwaye yo pou yo kenbe yon distans minimòm sis pye de youn lòt, jan sa posib.

Mete restriksyon sou tout vizitè ki pa esansyèl pou yo pa antre nan etablisman an.

Sante, Kominikasyon ak Konje ak Absans Anplwaye

Yo te enfòm tout anplwaye yo pou yo pa vin travay si yo malad oswa yo gen sentòm COVID-19, tankou lafyèv, tous, ak souf kout, frison, ak doulè nan misk, pèdi gou ak sant, maltèt, vomisman, dyare, ak/oswa malgòj.

Etablisman an gen yon pwosesis depistaj ki etabli, e yo tcheke sentòm yo anvan anplwaye yo antre nan plas travay la.

Pwotokòl yo anplas pou kenbe yon lis alekri non konplè ak nimewo telefòn anplwaye yo. Enfòmasyon sa a enpòtan sizoka yon travayè teste pozitif oswa an-karantèn e sa pral pèmèt founisè sante a pou fè swivi nesèsè, pou retrase kontak ak apwobasyon pou retounen travay.

Pwotokòl yo anplas pou siveye ak kenbe dosye maladi yon anplwaye ak absans, e yo revize done yo pou potansyèl tandans oswa pwopagasyon nan mendèv la.

Pwotokòl yo anplas pou yon travayè ki vin malad pandan chif travay la.

Pwotokòl yo anplas pou defini klèman kondisyon pou retounen travay pou anplwaye ki te deja malad oswa ekspoze.

Etabli pwotokòl pou kouvri figi, distans sosyal, elatriye, yo swiv ak ranfòse nan tout etablisman an.

Itilize kondisyon modere pou dokimantasyon medikal sizoka ta gen maladi COVID-19 (pi bon pratik).

Anplwaye yo te resevwa fòmasyon nan bon jan fason pou lave men ak lòt sijè enpòtan osijè COVID-19.

Distans Sosyal

Pwotokòl yo anplas pou anpeche anplwaye yo regwoupe, espesyalman nan antre, estasyon travay, kazye yo, zòn depo ak kote yo fè chajman, sal repo oswa twalèt.

Siy yo afiche toupatou nan etablisman/fèm nan pou fè tout anplwaye yo sonje pou yo kenbe yon distans minimòm sis pye de youn lòt, jan sa posib.

Nan limit posib, travayè yo dwe espase kenbe yon distans minimòm sis pye de youn lòt.

Lave men/Dezenfeksyon

Tout lavabo pou men yo gen savon, ak sèvyèt an papyè, oswa yon aparèy apwouve pou seche men. Yo bay dlo cho ak frèt preferab. Yo bay resipyan pou dechè nan fason ki apwopriye.

Siy pou lave men afiche nan tout lavabo pou men yo ak nan zòn twalèt yo.

Yo siveye anplwaye yo pou lave men souvan ak apwopriye espesyalman nan poz/repavizit nan twalèt yo.

Dezenfektan pou men disponib pou anplwaye yo toupre antre etablisman an, nan estasyon pou lave men yo, nan zòn repo, ak nan zòn travay, jan li posib ak daprè bon jan Pratik manifakti.

Pratik Netwayaj ak Dezenfeksyon Amelyore

Tout sifas ki gen anpil kontak yo nan sal repo, zòn depo, nan tretman, twalèt, ak lòt zòn komen yo dezenfekte souvan ak pandan tout jounen an.

Yo swiv tout pwosedi operasyon sanitè estanda yo.

Yo jete kòrèkteman nan poubèl yo kouvèti pou figi yo itilize yonsèl fwa.

Yo lave avèk dlo ak savon chak jou kouvèti figi ki ka re-itilize yo.

Pi bon Pratik Agrikòl Jeneral pou transpò ak livrezon

Pwosedi yo anplas pou kaptire enfòmasyon sou ki kote yo te resevwa oswa voye chak livrezon.

Pwosedi yo anplas pou bay kote yo te resevwa livrezon oswa estoke pou anbakman ki enfòm chofè yo sou kondisyon pou vizitè yo ki gen rapò avèk COVID-19.

Veyikil yo netwaye/dezenfekte anvan ranmasaj ak livrezon.

Anpeche travayè ak vizitè yo rasanble otou veyikil yo, zòn estasyonman, lojman ak zòn ki gen gwo trafik nan sit la.

Pi bon Pratik Agrikòl Jeneral pou lojman travayè ak zòn kabin yo

Pwotokòl yo anplas pou anpeche anplwaye yo regwoupe nan antre yo, sal repo, saldeben piblik oswa zòn salamanje andedan.

Siy yo afiche toupatou nan zòn lojman ak saldeben pou fè anplwaye yo sonje pou kenbe yon distans minimòm sis pye de youn lòt, jan sa posib.

Tout lavabo pou men yo gen savon, ak sèvyèt an papyè, oswa yon aparèy apwouve pou seche men. Yo bay dlo cho ak frèt preferab. Yo bay resipyan pou dechè nan fason ki apwopriye.

Yo bay ase dezenfektan ak pwodui pou netwaye nan Kan ak kabin travayè yo pou anpeche pwopagasyon nan COVID-19.

Resous CDC

Gid Kominotè Agrikòl DCD

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/guidance-agricultural-workers.html>

Resous ak Zouti CDC (Plizyè Lang)

https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/need-extra-precautions/communication-toolkit.html?deliveryName=USCDC_2067-DM30162

Resous Enprime CDC, Siy ak Enfografik

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/communication/print-resources.html?Sort=Date%3A%3Adesc>

Kontwòl Lis Verifikasyon ak Evalyasyon Anplwayè Agrikòl CDC

<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/pdf/Agricultural-Employer-checklist.pdf>